

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari aya anggapan yén darajat wanoja hayang disaruakeun jeung kaum lalaki atawa disebut kesetaraan gender. Réa wanoja migawé pagawéan nu sakuduna dipigawé ku lalaki, minangka salasahiji tarékah pikeun némbongkeun yén kaum wanoja saenyana mampuh dina migawé éta hal. Dina sakuliah masarakat, kaum wanoja dianggap leuwih handap tibatan kaum lalaki. Éta hal lantaran citra wanoja mindeng dipatalikeun jeung imajinasi negatif masarakat. Katitén tina sawatara pamadegan masarakat yén wanoja ngan saukur ngurus kabutuhan rumah tangga wungkul. Wanoja dianggap heureut dina sawatara widang jeung teu boga hak pikeun nepikeun kamandang ngeunaan hiji hal, lian ti éta wanoja dianggap salaku objek napsu wungkul (Mu'jizah, 2003, kc.2).

Masalah wanoja teu leupas tina hirup kumbuhna manusa, sarta jadi hal anu ngirut pikeun dijadikeun bahan diskusi. Wanoja salawasna némbongkeun sisi positif jeung negatifna kalayan unik (Mu'jizah, 2003, kc. 2). Hal-hal nu patali jeung kaum wanoja tuluy direfleksikeun dina wangun karya sastra, sabab karya sastra bisa némbongkeun aspirasi kana kaayaan nu karandapan hususna ku kaum wanoja.

Karya sastra mangrupa hasil rékaan anu ngadumaniskeun antara imajinasi jeung kanyataan. Hartina, hal-hal anu diungkab dina karya sastra nya éta hasil tina pangalaman jeung pangaweruh pangarangna, anu diolah ku imajinasi pangarang sangkan leuwih ngirut (Siswanto, 2008, kc.79). Ku kituna, sacara sadar atawa henteu, tokoh anu diciptakeun ku pangarang dumasar kana kamandang hirupna dina kahirupan sapopoé. Lian ti éta, carita nu diciptakeun teu leupas tina kasurtian haté pangarang dina ngabandingan réalita nu nyampak dina kahirupan masarakat (Lubis, 2009, kc.8).

Karya sastra kabagi kana tilu wangun, nya éta wangun puisi, prosa, jeung drama. Wangun puisi mangrupa karya sastra anu kauger, ari wangun prosa mangrupa wangun karya sastra nu teu kauger. Istilah prosa rékaan atawa prosa fiksi nurutkeun Aminuddin (2004, kc. 66) nya éta carita anu di jerona aya sababaraha tokoh pikeun ngahirupkeun carita, dideudeulan ku latar caritaan anu silih pakait sarta didadasaran ku imajinasi pangarangna sangkan ngaruntuy hiji carita nu utuh.

Aya sababaraha karya sastra nu puseur caritana ngeunaan kaum wanoja, di antarana dina sajak, carpon, jeung novél. Boh nu ditulis ku pangarang wanoja boh ku pangarang lalaki. Karya sastra ngeunaan wanoja anu ilahar ditulis ku pangarang lalaki, mindeng némbongkeun stereotip wanoja salaku pamajikan anu satia tur nurut ka nu jadi salaki atawa wanoja anu ogoan sarta ngan saukur jadi objek napsu wungkul. Éta hal atra nuduhkeun kalungguhan kaum wanoja anu inferior tibatan lalaki (Djajanegara, 2002, kc. 19). Karya sastra tétéla bisa jadi salasahiji media pikeun ngamekarkeun subordinasi kaum wanoja jeung ngarobah sistim patriarki. Boh nu dilakukeun ku pangarang lalaki anu miboga sipat profeminis boh ku pangarang wanojana sorangan. Ngarobah sistim patriarki dina karya sastra nya éta ku cara némbongkeun isu diskriminasi anu kaalaman ku sawatara kaum wanoja, contona diskriminasi dina atikan, rumah tangga, jeung sajabana (Angraini, 2012, kc. 1).

Dina ieu panalungtikan, objek nu ditalungtik nya éta novél. Sabab novél miboga wangun carita anu leuwih kompléks tibatan karya prosa nu séjénna. Novél mampuh ngamekarkeun hiji karakter, kaayaan sosial di hiji tempat, patalina hiji tokoh jeung tokoh séjén, jeung hal-hal lianna nu silih pakait (Stanton, 2012, kc.90). Novél atawa karya sastra nu raket patalina jeung kaum wanoja kaasup kana sastra feminis. Sacara basajan, feminisme nuduhkeun pangarang wanoja anu produktif nulis karya sastra, sabab jaman harita panulis karya sastra lolobana lalaki. Ku sabab élmu pangaweruh beuki mekar, kiwari feminisme dipaké pikeun ngadadarkeun gambaran hiji tokoh wanoja dina karya sastra boh pangarangna wanoja boh lalaki (Mu'jizah, 2003, kc. 3). Tétéla tokoh wanoja anu digambarkeun ku pangarang wanoja, béda jeung nu digambarkeun ku pangarang lalaki. Tokoh wanoja dina novél nu ditulis ku pangarang wanoja leuwih némbongkeun sisi kawanojaanana, ari tokoh wanoja nu diciptakeun ku pangarang lalaki leuwih némbongkeun pamarekan kaum lalaki kana kalungguhan wanoja atawa kamandang lalaki ka wanoja (Djajanegara, 2002, kc. 19).

Dina mesék karya sastra, tangtu teu leupas tina pamarekan jeung péso anu dipaké pikeun ngaguar éta karya kalayan teleb. Dina ieu panalungtikan, péso nu dipaké pikeun mesék karya nya éta make kritik sastra feminis. Kritik sastra feminis nya éta studi sastra anu leuwih nyosok jero kana pasualan wanoja nu digambarkeun dina karya sastra (Sugihastuti, 2002, kc.18). Leuwih hususna maké kritik sastra feminis ideologis, anu ngalibetkeun wanoja salaku nu maca. Puseur dina ieu tiori nya éta nilik kana citra jeung stereotip kaum wanoja dina éta karya (Djajanegara (2002, kc. 28-39). Patali jeung gambaran atawa citra wanoja, nurutkeun Sugihastuti (2002) yén wujud tina citra wanoja ngawengku citra fisik, citra psikis, jeung sosial budaya anu jadi kasang tukang kahirupan éta wanoja.

Tina sawatara pamadegan di luhur, tétéla karya sastra wangun novél bisa méré ambahan anu lega dina pasualan feminisme. Saperti dina novél Sunda *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono anu nyaritakeun lika-likuna kahirupan dua insan, nya éta Sarah jeung Panji. Sarah salasahiji wanoja anu kawéntar dina widang kasenian tari. Sarah geus ngalanglang buana pikeun mintonkeun kasenian tari Jawa Barat. Sedengkeun Panji salasaurang

**Ratna Kumalasari, 2018**

**BABANDINGAN CITRA WANOJA DINA NOVÉL GALURING GENDING KARYA TATANG SUMARSONO JEUNG NOVÉL RONGGENG DUKUH PARUK KARYA AHMAD TOHARI (Ulitan Struktural jeung Feminisme)**

Universitas pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aktivis anu aktif dina sawatara *pergerakan reformasi*, éta hal didadaskan alatan kasang tukang kulawarga Panji anu aktif dina widang pulitik. Hiji waktu, Panji jeung Sarah patepung, tuluy duanana silih pikawanoh kasang tukang séwang-séwangan tepi ka hal-hal nu saméméhna jadi rusiah pikeun dirina sorangan.

Dina novél Indonesia, aya *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari, anu nyaritakeun kahirupan hiji ronggeng di hiji padukuhan, ngaranna Srintil. Srintil ngalaman kahirupan nu amis jeung peuheur salila jadi ronggeng. Srintil boga babaturan ti leuleutik ngaranna Rasus. Sok sanajan Rasus minangka babaturan deukeut Srintil, tapi Rasus teu pernah panuju waktu Srintil jadi ronggeng, tepi ka manéhna indit ti éta padukuhan alatan teu wasa nempo Srintil dipuja ku kaum lalaki.

Tina dua novél di luhur, anu jadi puseur dina ieu panalungtikan nya éta tokoh Sarah dina novél *Galuring Gending* jeung tokoh Srintil dina novél *Ronggeng Dukuh Paruk*, sabab duanana némbongkeun sisi feminisme anu punjul tur ngirut pikeun ditalungtik sacara teleb. Leuwih hususna diguar citra wanoja antara dua tokoh tina karya sastra anu béda, nya éta hiji karya sastra wangun novél anu dicokot tina *rumpun* sastra Sunda jeung wangun novél tina *rumpun* sastra Indonesia, kalawan pangarang anu béda. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan diguar babandingan antara citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh utama wanoja tina unggal novél.

Sawatara panalungtikan saméméhna ngeunaan kritik sastra feminis atawa tokoh wanoja, di antarana:

1. “Citra Wanoja Sunda dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung *40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F (Kajian Struktural jeung Kritik Feminis Ideologis)” anu ditulis ku Anisa Rahma taun 2013;
2. “Kalungguhan Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon *Haté Awéwé* Karangan Risnawati (Tilikan Feminisme)” anu ditulis ku Damalia Suci Asihna taun 2013;
3. “Ulikan Struktural jeung Feminis kana Novél *Handeuleum ‘Na Haté Beureum* Karya Chyé Réttý Isnéndes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI” anu ditulis ku Ai Jamilah taun 2015.

Tina sawatara panalungtikan di luhur, katitén yén masih loba anu kudu diguar ngeunaan pasualan feminis dina tokoh wanoja, hususna pikeun jadi objek ulikan dina panalungtikan skripsi. Sok sanajan ulikanna sarua ngeunaan feminisme, tangtu aya bédana. Dina ieu panalungtikan nyokot dua novél tina rumpun sastra nu béda, ambahan analisisna nya éta analisis adegan lahir anu mesék unsur struktural tina unggal novél jeung analisis adegan batin nya éta maké ulikan kritik sastra feminis ideologis anu leuwih museur kana citra wanoja. Sarta dideudeulan ku ngabandingkeun citra wanoja antara tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk*.

## 1.2 Rumusan Masalah

Tina kasang tukang di luhur, bisa dirumuskeun masalah nu diguar dina ieu panalungtikan, nya éta ngeunaan citra wanoja antara tokoh utama wanoja dina novél Sunda jeung novél Indonesia, Leuwih hususna objék nu rék diguar nya éta:

- 1) Naon waé unsur struktural anu aya dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari?
- 2) Kumaha babandingan antara tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari?
- 3) Kumaha citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari, saupama ditilik tina citra fisik, psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar ieu di handap.

- 1) Unsur struktural anu aya dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari.
- 2) Babandingan antara tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari.
- 3) Citra wanoja anu digambarkeun ku tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari saupama ditilik tina citra fisik, psikis, kulawarga, jeung masarakat.

Ratna Kumalasari, 2018

BABANDINGAN CITRA WANOJA DINA NOVÉL GALURING GENDING KARYA TATANG SUMARSONO JEUNG NOVÉL RONGGENG DUKUH PARUK KARYA AHMAD TOHARI (Ulikan Struktural jeung Feminisme)

Universitas pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nya éta 1) mangpaat tina segi tioritis, 2) mangpaat tina segi praktis, 3) mangpaat tina segi kawijakan, sarta 5) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

##### 1.4.1 Mangpaat Tina Segi Tioritis

Sacara tioritis, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tiori kritik feminis anu dilarapkeun kana dua novél tina *rumpun* anu béda. Sarta dipiharep bisa dijieun référénsi pikeun panalungtikan saterusna, hususna dina ulikan sastra bandingan anu leuwih museur kana tokoh utama dina karya sastra, kalayan didadasaran ku tiori feminisme.

##### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Bisa dijadikeun bahan référénsi kamekaran dina kritik sastra, hususna dina kritik sastra feminis;
- 2) Bisa ngeuyeuban pangaweruh panalungtik, hususna dina larapna ulikan struktural jeung kritik feminis ideologis kana karya sastra;
- 3) Bisa ngeuyeuban kana panalungtikan Sunda, hususna dina studi sastra bandingan anu museur kana babandingan tokoh wanoja dina novél anu béda;
- 4) Bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kritik sastra feminis ideologis, leuwih hususna medar citra wanoja nu digambarkeun ku tokoh utama dumasar kana citra fisik, citra psikis, kalungguhan wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan wanoja di masarakat.

##### 1.4.3 Mangpaat Tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi nu hadé pikeun pamaréntah, hususna dina raraga ngaronjatkeun aspék *literasi* hiji bangsa. Maca karya sastra mangrupa hiji kagiatan literasi anu kudu dironjatkeun jeung dibiasakeun ti leuleutik, sangkan *generasi* kahareupna bisa jadi *generasi* anu leubeut ku pangaweruh.

##### 1.4.4 Mangpaat Tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh jeung bisa ngajembaran nu maca yén karya sastra teu ngan saukur aya dina lingkung hiji pabukon wungkul, masih loba karya sastra séjén anu kudu dibaca jeung kudu diguar sangkan pangaweruh dina widang sastrana bisa leuwih jero.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sangkan leuwih jéntré, dipedar dina ieu di handap.

##### BAB I Bubuka

Dina ieu bab dipedar ngeunaan:

- 1) kasang tukang panalungtikan;
- 2) rumusan masalah;
- 3) tujuan panalungtikan, anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus;
- 4) mangpaat panalungtikan, anu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat tina segi kawijakan, sarta mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial;
- 5) raraga tulisan.

##### BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir

Dina ieu bab dipedar ngeunaan:

- 1) tiori-tiori anu jadi tatapakan dina ieu panalungtikan, di antarana tiori ngeunaan novél, sastra bandingan, tiori struktural anu ditétélakeun ku Robert Stanton (ngawengku téma, fakta carita jeung sarana sastra), jeung tiori kritik feminis (museur kana citra nu digambarkeun ku tokoh wanoja);
- 2) panalungtikan saméméhna;
- 3) raraga mikir panalungtikan nu dilaksanakeun.

##### BAB III Méthode Panalungtikan

Dina ieu bab dipedar ngeunaan:

- 1) *desain* panalungtikan;
- 2) data jeung sumber data;
- 3) téhnik panalungtikan, nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngolah data;
- 4) instrumén panalungtikan, nya éta instrumen anu dipaké dina ngolah data panalungtikan.

Ratna Kumalasari, 2018

BABANDINGAN CITRA WANOJA DINA NOVÉL GALURING GENDING KARYA TATANG SUMARSONO JEUNG NOVÉL RONGGENG DUKUH PARUK KARYA AHMAD TOHARI (*Ulikan Struktural jeung Feminisme*)

Universitas pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

#### **BAB IV Hasil jeung Pedaran**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil tina panalungtikan jeung pedaran rumusan masalah, di antarana nya éta:

- 1) hasil panalungtikan jeung pedaran struktur carita nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, tina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari;
- 2) hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan babandingan tokoh wanoja anu jadi puseur dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari;
- 3) hasil panalungtikan jeung pedaran citra wanoja nu digambarkeun ku tokoh utama wanoja dina novél *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung novél *Ronggeng Dukuh Paruk* karya Ahmad Tohari, dumasar kana citra fisik, citra psikis, kalungguhan di kulawarga, jeung kalungguhan di masarakat (kritik feminis ideologis).

#### **BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan tafsiran tina hasil panalungtikan, di antarana:

- 1) kacindekan minangka jawaban tina rumusan masalah;
- 2) implikasi jeung rékoméndasi minangka saran pikeun sababaraha pihak sarta lajuning laku panalungtikan pikeun panalungtik satuluyna.